Prijs franco per post f

Verkrijgbaar bij het Dépôt van Leermiddelen te Weltevreden tegen toezending van een postwissel tot genoemd bedrag.

BAB ANGIN

KA-ANGGIT DÉNING

H. C. CROES

ING

NGAJOGJAKARTA

MAWI GAMBAR

Nasional RI
484
; 1913
142,1913

BETAWI
UKKERIJ PAPYRUS
LERIJDS H. M. VAN DORP & Co.
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pp 88.040

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

B. 484
No 142.
1913.

Serie uitgaven door bemiddeling van de Commissie voor de Volkslectuur — No. 142.

BAB ANGIN

KA-ANGGIT DÉNING

H. C. CROES

ING

NGAJOGJAKARTA

MAWI GAMBAR

BETAWI
DRUKKERIJ PAPYRUS
EERTIJDS H. M. VAN DORP & Co.
1913

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BAB ANGIN.

I. *Kang di-arani angin ikoe apa?*

Pitakon ikoe ora angèl wangsoelané.

Anjekelana ilir, kipas oetawa kertas kang kandel, bandjoer obat-abitna kang sawetara rikat, amesṭi krasa ana hawa mili. Hawa kang mili kaja mengkono ikoe ka-aranan angin.

II. *Kang nganakaké oetawa njebabaké angin ikoe apa?*

Woes mesṭi baé dadiné angin ikoe ora sebab barang gèpèng kang di-obat-abitaké. Ingisor iki akoe bakal anerang-aké, keprijé nalar-nalaré déné ing alam-donja ana angin.

Golèka barang-barang kang èṇṭèng, kaja ta: goḍong kang garing, kertas lan lia-liané. Dokokna ing saḍoewoeré geni oetawa saḍoewoeré sempronging dian pétrolioem kang pinoedjoe moeroeb. Amesṭi barang-barang maoe katoet menḍoewoer kaja didamoni. Mengkono oega jèn saḍoewoeré dian maoe ana lilin moeroeb oetawa rèk, kang ditjekeli, oeroebing lilin oetawa rèk tetéla kaja didamoni menḍoewoer. Jèn ana geni moeroeb, koekoesé ia kaja didamoni menḍoewoer.

Ikoe maoe kabèh nélakaké, jèn hawa saḍoewoering geni lan sempronging dian pétrolioem ikoe mili menḍoewoer.

Moenggoeh ilining hawa saḍoewoeré semprong dian ikoe oega teléla saka obahing kekeb tjilik kang goemantoeng saḍoewoeré dian gantoeng, kanggo naḍahi langes. Ikoe jèn diané geḍé oeroebé, amesṭi gonḍal-ganḍoel. Mengkono oega jèn tangan di-aṭoengaké saḍoewoeré dian sawetara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

adoh soepaja adja kepanasen oetawa keslomot, amesṭi ia krasa déning hawa menḍoewoer.

Kowé mesṭiné wis taoe weroeh omah kobong, ing kono katon geni kang pating paletik menḍoewoer. Mengkono oega akèh barang tjilik-tjilik, kaja ta: kapoek, djarit lan lia-liané kang kobong katoet lakoené hawa menḍoewoer. Ikoe moetawatiri banget toemrapé omah sakiwa-tengené omah kang kobong, sabab ikoe kang marakaké nimbal.

Dadi woes tetéla, hawa saḍoewoeré barang kang moeroeb ikoe mili menḍoewoer. Hawa maoe ia kena ka-aranan angin.

Jagéné lakoené hawa maoe teka menḍoewoer, teka ora mengalor oetawa mengidoel?

Samoebarang ikoe jèn kepanasen, amesṭi melar, jèn kaḍemen bandjoer mingkoes oetawa mengkeret (soeda geḍéné). Kang mengkono ikoe gampang baé olèhé njatakaké. Tjoba titènana riling dalan trèm oetawa sepoer. Jèn ésoek, ing samboengané ril ketara banget benggangé, wetara ana satengah centimeter. Ananging jèn awan sarèhné kepanasen déning srengéngé, ril maoe modot (moenḍak dawané) temahané benggangé soeda, malah bandjoer rapet.

Golèka plemboengan iwak oetawa impesing weḍoes, sapi lan lia-liané. Ikoe isi hawa. Bolongané talènana kang singset, soepaja hawané ora bisa metoe. Ing sekawit nalika plemboengan oetawa impes maoe isih teles, ora patia kentjeng. Jèn ka-epé oetawa kagarang, amesṭi saja soewé saja kentjeng, wekasan jèn panas banget bandjoer petjah. Ikoe sababé amarga hawa kang ana ing impes oetawa plemboengan maoe melar, temahan kekoerangan papan, dadi ngenḍih impes 'ndadèkaké petjahé.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Wesi oetawa hawa 1 d.M^3 jèn kepanasen amesṭi moenḍak geḍéné, oepama bandjoer dadi 1 $^1/_{100}$ d.M^3, ananging boboté isih adjeg. Dadi barang 1 d.M^3 kang woes kepanasen, boboté koerang saka barang 1d.M^3 kang doeroeng kepanasen, awit geḍéné doeroeng moenḍak. Ikoe maoe ia kena katemboengaké mengkéné: „Barang kang woes melar (sebab kepanasen) boboté koerang (loewih ènṭèng) tinimbang nalika doeroeng melar (isih aḍem)."

Golèka barang tjoewèr rong warna, kang boboté ing saliter-literé ora paḍa, sarta kang ora bisa awor dadi sidji, kaja ta: banjoe lan lenga. Keprijé katemahané jèn banjoe karo lenga ka-iling ing gelas, lengané ḍisik bandjoer banjoené, amesṭi lenga maoe di-enḍih déning banjoe, sebab abot banjoe karo lenga; lengané menḍoewoer, banjoené ana ingisor.



Gambar 1.



Gambar 2.

Ana waḍah mawa singgetan, kang kena ditarik menḍoewoer, kaja déné gambar ing ḍoewoer ikoe. Waḍah maoe di-isèni banjoe kang separo, kang separo manèh di-isèni lenga; jèn singgetané ditarik menḍoewoer, amesṭi kedadéané ora béda karo kang kapratélakaké maoe. Banjoené maleboe ing sangisoré singgetan, ngenḍih lengané, wekasan lengané ana ing ḍoewoer. Jèn ing panggonan kang di-enḍih ing banjoe maoe isih ana lengané satètès rong tètès, amesṭi ia bandjoer menḍoewoer. Jèn wis tekan ḍoewoer ikoe lagi baé manḍeg.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kang dakpratélakaké bab banjoe lan lenga maoe, ia toemindak, jèn hawa panas lan aḍem awor dadi sapanggonan.

Hawa saḍoewoeré geni lan dian ikoe kepanasen bandjoer melar, dadi boboté ing saliter-literé soeda. Hawa kang èntèng maoe kinoebeng ing hawa aḍem lan abot, moelané kandih sarta bandjoer menḍoewoer. Panggonané hawa kang menḍoewoer maoe bandjoer ka-edjogan hawa saka sakiwa-tengené, dadi anginé ora angemoengaké menḍoewoer baé, ananging oega saka sakoebenging geni menjang geni maoe.



Gambar 3.



Gambar 4.

Kang mengkono maoe ketara banget jèn pinoedjoe ana omah oetawa patebon kang kobong. Geniné maletik menḍoewoer, jèn wong tjeḍak karo omah oetawa patebon maoe, krasa angin saka sakiwa-tengené, ia ikoe ngedjogi hawa kang moemboel menḍoewoer.

Boemi ikoe kataman ing panasing srengéngé. Ja panasing srengéngé ikoe kang dadi sababing angin. Kang mengkono ikoe woes kanjatakaké. Jèn ana ara-ara kinoebeng ing padésan, kerep baé bledoegé katon katoet angin, terkaḍang oelekan kaja lésoes.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Gambar 5.

Mirit tjarita kang kaseboet ing ḍoewoer maoe kabèh, kang nganakaké angin ikoe, bédaning panasé hawa ing rong panggonan. Jèn ana panggonan loro, hawa ing panggonan kang sidji panasé ngoengkoeli ing panggonan sidjiné, amesṭi nganakaké angin saka panggonan kang ora pati panas menjang panggonan kang panas. Angin ara-ara kaseboet ing ḍoewoer, sababé ia mengkono oega, awit hawa ing ara-ara panasé ngoengkoeli hawa ing padésan oetawa ing alas. Kang ikoe saka pangirakoe kowé sa-iki ngerti kang andadèkaké angin ikoe bédaning panasé hawa ing rong panggonan (panggonan loro olèhé kataman panas bareng lan pàḍa soewéné, ananging hawa ing panggonan kang sidji olèhé dadi panas loewih ḍisik tinimbang hawa ing panggonan sidjiné).

III. *Angin warna-warna.*

Angin ikoe kabédakaké manoet eneré, kaja ta: angin lor, tegesé angin kang pinangkané saka lor; angin lor-wétan, wétan sapanoenggalané.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kedjaba saka ikoe angin ikoe ia béda-béda karosané. Ana kang sèkèng banget, nganti ora kerasa, ana kang rosa banget, nganti 'ndadèkaké karoesakan gedé. Moenggoeh karosaning angin ikoe goemantoeng saka rikat-rindiké.

Rikating angin wis kanjatakaké, ing kono tetéla jèn rikaté ikoe béda-béda banget. Angin kang lakoené sasekon $^1/_2$ M. ikoe arané barat, prasasat ora ketara. Jèn lakoené sasekon 15 M. ikoe woes kaleboe angin gedé. Jèn sasekon 35 M., oetawa loewih, ikoe arané prahara, ampoehan.

IV. Angin kang kaseboet ing doewoer maoe anané mesti baé moeng jèn lelakon kang dadi sababé isih ana. Jèn kang njababaké maoe lèrèn, amesti anginé ia menda. Dadi jèn omahé kang kobong woes sirep oetawa diané woes mati, amesti anginé ia menda. Sarèhné srengéngé ikoe saben dina katon, bandjoer soeroep, dadi angin kang djalarané marga panasing srengéngé (angin ing ara-ara kang kinoebeng ing padésan) saben dina ia teka-loenga. Angin kang mengkono maoe kena ka-aranan „angin adjeg", tegesé saben mangsané (wajahé) teka, amesti teka, saben wajahé menda, ia menda.

Angin kang adjeg ikoe perloe banget dikawroehi, sabab dadi sababé hawaning sawidjiné negara oetawa tanah dadi panas oetawa adem, nganakaké oedan oetawa terang, sapenoenggalané; tjekaké: hawaning negara ikoe goemantoeng saka angin kang adjeg, awit:

1e. angin adjeg ikoe marakaké hawané negara dadi panas oetawa adem;

2e. anggawa oedan oetawa ora.

(Élinga marang tjaritakoe bab dadiné oedan kaseboet ing lajang: „Daja Wahana.")

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ingisor iki akoe arep njaritakaké sețițik bab angin adjeg maoe. Ing kono kowé bakal terang soemoeroepmoe marang hawa oetawa iklimé tanah India-Nederland.

V. *Bab angin ḍarat lan angin laoet.*

Ḍaratan lan segara ikoe kasorotan ing srengéngé, wiwit ésoek toemeka soré. Ḍaratan ikoe kang kepanasen moeng kang ḍoewoer baé. Béda karo segara, senadjan banjoené kang ngisor-ngisor, malah toemeka ing ḍasaré pisan, ia mèloe kataman ing panasing srengéngé. Moelané ora ngéramaké, dédé ḍaratan ikoe kang ḍoewoer, ia ikoe kang didoenoengi manoesa, loewih ènggal panasé lan ngoengkoeli panasé banjoe segara. Lah, ikoe toeladané panggonan loro, kang bebarengan olèhé ketaman panas, ananging ora bareng lan ora paḍa enggoné moenḍak panasé. Jèn kowé arep njatakaké kanḍakoe ikoe gampang baé. Tjoba jèn pinoedjoe terang, loemakoea oeroet gisiking segara, kirakira wajah beḍoeg. Ing kono weḍi panasé banget, sikil kaja mlètjèt-mlètjèta, mèh ora kena dibetahaké saking panasé. Ananging ing nalika ikoe banjoe segara panasé prasasat ora moenḍak; saking seţițiké oenḍaking panasé, prasasat ora ketara, jèn ora dipariksa serana piranti. Kang mengkono maoe ia tetéla, jèn kanjatakaké ing sa-oeroeté dalan weḍèn kang ora ka-oeban wit-witan. Jèn ing sa-oeroeté dalan ana kalèn oetawa wangan, banjoené ora ketara moenḍak panasé, ananging weḍining dalan kaja digorèng saking panasé.

Hawa ing ḍaratan ikoe gepokan karo lemah, djalaran saka ikoe kataman ing panasing lemah, temahan bandjoer melar, (delengen gambar ingisor iki) sarta moemboel. Hawa ing ḍaratan kang moemboel maoe, bandjoer

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Gambar 6.

kedjogan hawa saka segara; sabab ing saḍoewoeré banjoe segara, hawané isih aḍem. Hawa kang mili saka segara menjang ḍaratan maoe, ka-aranan „angin laoet" oetawa „angin segara." Ing tanah panas, kaja ta: ing India-Nederland, angin segara ikoe, wiwité kira-kira djam 10 ésoek, déné wiwité menḍa wetara djam 5 soré.

Sarèhné angin segara ikoe pinangkané saka panggonan kang rada aḍem, moelané rasané ana ing awak ia aḍem. Ing wajah awan jèn wong kerasa soemoek oetawa panas, semasa katekan angin segara, awaké krasa seger, silir-silir.

Djoeroe amèk iwak woes paḍa nitèni wajahé ana angin ḍarat lan angin laoet. Angkaté amèk iwak ditanggoeh ing nalika ana angin ḍarat, oelihé kira-kira djam 4—5 soré, dadi praoené katoet ing angin segara kang mèh menḍa.

Jèn bengi lakoening angin kosok-bali karo kang woes kapratélakaké bab angin segara maoe.

Sawoesé srengéngé soeroep, segara lan ḍaratan wiwit soeda panasé, sabab srengéngé kang manasi woes ora ana. Samoebarang kang kataman panas, jèn etoeking panasé ora ana, amesṭi bandjoer soeda panasé, wekasan dadi aḍem. Kaja ta: wesi jèn ditjemploengaké ing geni amesṭi soewé-soewé mengangah, jèn di-entas, ora

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

antara soewé adem; wekasan panas oetawa ademé pada karo sadoeroengé ditjemploengaké ing geni.

Daratan lan segara ikoe senadjan olèhé wiwit dadi adem bareng, ananging soedaning panasé ora pada. Daratan ikoe rikat soedaning panasé, segara ora pati rikat. Moelané jèn srengéngé woes soeroep wetara 3 — 4 djam, kaanané mengkéné:

Daratan woes soeda banget panasé, ananging segara isih rada panas. Bédaning panasé hawa ing doewoer daratan lan segara maoe nganakaké angin manèh: jaikoe kang aran „angin darat."

Moenggoeh djalarané mengkéné:

Hawa sadoewoeré daratan ikoe, ademé ngoengkoeli hawa sadoewoeré segara, dadi ia loewih abot tinimbang hawa sadoewoeré segara. Sabab saka ikoe hawa ing daratan mili menjang segara, kanggo ngedjogi hawa segara kang woes moemboel. Dadi anané angin darat ikoe, jèn bengi, gedé-gedéné jèn ngarepaké bangoen rahina, wetara djam 4 — 5 ésoek.

Senadjan angin darat lan laoet ikoe njoeda panasing hawa, dadi marakaké segering awak, ananging ora bisa nganakaké oedan.

VI. *Lésoes.*

Jèn ana angin loro kang eneré ora pada ('ndadèkaké podjok) mangka tetempoekan, ikoe katemahané keprijé?

Kang mengkono ikoe nganakaké angin kang ka-aranan „*lésoes*", „*oelekan.*" Jèn ana angin kaja mengkono, mangka karosané mèh pada, amesti nalikané tempoekan hawa kang mili maoe, bandjoer moebeng kaja déné oelekan ing kedoeng. Hawa kang moebeng maoe bisa ngaboeraké barang-barang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang ènṭèng, kaja ta: bledoeg, weḍi, kléang lan lia-liané, ikoe paḍa katoet menḍoewoer, saja ḍoewoer saja boejar; moelané weḍi, bledoeg lan lia-liané maoe, wangoené kaja koekoesan kang poetjoeké ana ingisor.

Jèn angin kang tempoekan maoe karosané ora paḍa, ia oega nganakaké lésoes, ananging wangoené ora kaja koekoesan.

Jèn karosané angin kang sidji béda banget karo angin sidjiné, amesṭi angin kang sèkèng bandjoer kalah, woesana sirna déning angin kang karosané akèh. Kang mengkono ikoe kena di-oepamakaké kaja wong loro paḍa njènèng tali sidji sasisih. Amesṭi tali maoe katoet marang wong kang rosa panjènèngé.

Terkaḍang lésoes ikoe karosané geḍé banget, nganti bisa ngesolaké wit-witan, ngebroekaké omah lan 'ndadèkaké karoesakan geḍé, kaja ta: lésoes ing Banḍoeng ḍèk sasi Augustus 1912. Ing kono akèh omah lan wit-witan kang paḍa roeboeh.

VII. *Bab angin ing mangsa katiga lan renḍeng.*

Kowé kabèh woes paḍa soemoeroep, jèn setaoen ikoe mangsané loro: „k a t i g a" tegesé mangsa terang, lan „r e n ḍ e n g" tegesé mangsa oedan.

Ing lajang Daja Wahana kang anerangaké bab oedan, woes daktjaritakaké, jèn oedan ikoe anané kang akèh djalaran angin kang soèda panasé, sasoewéné midid saka sawidjining panggonan menjang panggonan liané. Oeabing banjoe kang ana ing angin maoe, moelih dadi banjoe manèh, sabab soeda panasé, sekawit pating prenṭel kaja gotri, soewé-soewé tiba dadi oedan.

Kang dadi djalaraning mangsa terang lan mangsa oedan ikoe ia angin, ananging angin maoe adjeg anané,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nganti sawetara sasi ora oah-oah. Moenggoeh ketrangané ora pati angèl; sabisa-bisa arep dakpratélakaké ingisor iki.

Menawa kotitèni, amesṭi teléla, jèn srengéngé ikoe sadjroné setaoen paleṭèké ora tansah ana ing wétan bener. Wiwit sasi Maart toea, teka September, paleṭèké ana ing wétan rada kepara mengalor. Ing nalika tanggal 21 Maart paleṭèké ing wétan bener, ésoeké rada mengalor, ésoeké manèh sangsaja mengalor, mengkono sabandjoeré, nganti tanggal 21 Juni. Ing kono paleṭèké mengalor banget, kena kåtemboengaké tekan ing boengkas lor. Bareng tanggal 23 Juni paleṭèké wiwit mengidoel manèh. Tanggal 23 Juni maoe, ka-anané wiwité mangsa „k a s a." Sangsaja soewé paleṭèké saja mengidoel-mengidoel, nganti ing tanggal 23 September. Ing kono paletèké ana ing wétan bener manèh. Wiwit tanggal 23 September paleṭèké tansah sangsaja mengidoel-mengidoel, toemeka ing boengkas kidoel tanggal 21 December, ia ikoe wekasané mangsa „k a n e m". Ésoeké ia ikoe tanggal 22 December, wiwit mangsa „k a p i t o e." Wiwit ing nalika ikoe paleṭèké srengéngé tansah mengalor-mengalor, nganti tanggal 21 Maart mleṭèk ing wétan bener manèh.

Ngolah-ngalihé srengéngé maoe woes kapriksa kelawan titi. Ing kono tetéla, jèn paleṭèké, mengalor-mengaloré (21 Juni) $23^1/_2{}^0$ saloré wétan bener (semono ikoe toemrapé ing panggonan kang doenoengé kaja tanah Djawa lan lia-liané); mengkono oega mengidoel-mengidoel (21 December) ia $23^1/_2{}^0$ sakidoelé wétan bener.

Amrih bisané ḍamang kawroehmoe bab kang kaseboet ing ḍoewoer, koedoe ngélingi bab ka-anané boemi.

Boemi ikoe wangoené boender kepleng kaja mimis, ing kono ana garisé tjiptan pirang-pirang. Ana sidji kang doenoengé sa-antarané poengkasan oetawa poeli, jaikoe

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang ka-aranan garis linie oetawa evenaar. Evenaar tegesé tengah bener, awit doenoengé ana ing tengah-tengahé oetawa sa-antarané pool karo pisan.

Let $23^1/_2{}^0$ salor lan sakidoelé evenaar maoe katjipta ana garisé manèh, paḍa benggangé karo evenaar, ka-aranan „garis pembalik" (= keerkring).



Gambar 7.

Jèn tanggal 21 Maart lan tanggal 23 September srengéngé doenoengé ana ing saḍoewoeré linie bener; jèn tanggal 21 Juni ing saḍoewoeré garis pembalik lor, jèn tanggal 21 December saḍoewoeré garis pembalik kidoel. Mengkono lakoené srengéngé tansah ngolah-ngalih ing setaoen-taoené.

Mirit tjarita ikoe, tetéla jèn panggonan kang akèh ḍéwé enggoné kesorotan srengéngé ikoe panggonan kang doemoenoeng sa-antarané garis pembalik lor lan kidoel, ia ikoe tanah kang ka-aranan „tanah hawa panas."

Apa sababé déné panasing srengéngé kang toemama ing boemi, ikoe kang akèh ḍéwé toemiba ing tanah hawa panas? Sabab soroting srengéngé toemibané ing kono djedjeg oetawa moeng ḍojong sawetara. Déné tanah salor lan sakidoelé tanah hawa panas ora mengkono; soroting

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

srengéngé tekané ing kono ora bisa djedjeg, tansah ḍojong. Mangka soroting srengéngé ikoe sangsaja ḍojong tibané, sangsaja seṭiṭik enggoné anggawa panas. Kang mengkono ikoe tetéla saka panasé hawa jèn ésoek (nalika soroting srengéngé tibané ḍojong) karo jèn awan (nalika soroting srengéngé tibané djedjeg). Oega kena kanjatakaké mengkéné: Golèka blébékan wesi, tembaga oetawa blèk loro kang paḍa ambané. Ikoe taḍahna ing panasing dian pétrolioem, soewéné paḍa, ananging kang sidji arah-arahen soepaja tibaning sorot djedjeg, sidjiné ḍojong. Sawoesé sawetara soewé bandjoer emèken, amesṭi tetéla blébékan kang ketiban sorot djedjeg panasé ngoengkoeli blébékan kang ketiban sorot ḍojong.

Dadi bagiané boemi sa-antarané garis pembalik ikoe, olèhé kataman panasing srengéngé ngoengkoeli ing bagian lia-liané.

Sa-iki prekara kang mentas keseboet ing ḍoewoer ikoe, tjoenḍoekna karo kang kapratélakaké ing angka II (hawa kang magepokan karo loemahing boemi kang panas, ia bandjoer dadi panas sarta moemboel; élinga marang bab oemboeling hawa ing saḍoewoeré semprong dian). Ing kono tetéla jèn hawa salor lan kidoelé tanah panas mili menjang tanah panas, sabab ing tanah maoe hawané èṇṭèng (tjoewèr); ikoe prekara ora béda karo ka-anané hawa ing saḍoewoeré ḍaratan jèn pinoedjoe awan; hawa maoe moemboel, bandjoer kedjogan hawa saka segara „a n g i n l a o e t." Dadi ing selawas-lawasé tansah ana hawa mili saka kidoel lan saka lor menjang tanah panas. Moelané ing djagad lor (saloré garis linie) ana angin saka lor, ing djagad kidoel ana angin saka kidoel. Ananging kawroehana, boemi ikoe ora meneng baé, balik tansah moebeng, ngoebengi inḍené kaja déné gangsingan. (Prekara oebengé boemi ora daktjaritakaké ing

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kéné). Djalaran saka oebenging boemi maoe eneré angin kang pantjèné saka lor, dadi saka lor-wétan. Angin loro maoe ka-aranan „angin pasat." (Pasat lor-wétan, lan pasat kidoel-wétan).

Lakoené angin pasat maoe, sangsaja njeḍaki linie, sangsaja mèntjèng mengoelon, sarta sangsaja aber. Satekané ing satjeḍaké linie hawa maoe kepanasen, temahan moemboel. Sawoesé toemeka ing ḍoewoer, woesana bali mengalor lan mengidoel manèh, saja njeḍaki garis pembalik sangsaja endèk, woesana bali ing asalé maoené. Dadi ing panggonan kang hawané mili dadi angin pasat ikoe, ora bakal kentèkan hawa, awit tansah kedjogan hawa kang bali saka ing tanah panas, tekané saka ḍoewoer.

Sarèhné angin pasat ikoe pinangkané saka panggonan kang hawané loewih aḍem tinimbang ing tanah hawa panas, moelané ora ngéramaké déné kang akèh-akèh ora 'nggawa oedan (bab iki tjoenḍoekna karo tjaritakoe bab oedan ing lajang Daja Wahana). Angin maoe saja njeḍaki linie, saja moenḍak panasé, dadi sangsaja akèh bisané ngandoet oeab banjoe. Mangka bisané ana oedan ikoe moeng jèn hawa woes ora bisa ngandoet oeab kang ana ing kono.

Tjarita ing ḍoewoer maoe kabèh sa-iki bakal daktjoenḍoekaké karo ka-anané ing tanah Djawa.

Tanah Djawa ikoe doemoenoeng ing sa-antarané 6^0 lan 9^0 sakidoelé linie, dadi kaleboe djadjahané pasat kidoel-wétan. Déné Soematra, Bornéo, Singgapoera, ikoe sarèhné kepara mengalor tinimbang tanah Djawa, dadi sawetara ana kang kaleboe djadjahané pasat lor-wétan.

Ingarep kaseboet, jèn angin pasat ing tanah Djawa ikoe lawasé nem sasi. Jagéné teka ora bisa loeloes ing selawas-lawasé ?

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



Gambar 8.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Moenggoeh kang dadi sababé amarga tanah Djawa, mengkono oega kapoeloan India-Wétan ikoe doemoenoeng saantarané tanah bakoe loro, ing sisih lor-koelon Asia, ing sisih kidoel-wétan Australia. (Delengen gambar 8).

Tjoba pikiren, keprijé ka-anané jèn tanggal 21 Juni?

Ing nalika ikoe srengéngé ana ing saḍoewoeré garis pembalik lor. Temahan tanah Asia tengah lan tanah sakiwatengené kataman ing panasing srengéngé, toemekané panas loewih akèh tinimbang ing tanah lia-liané. Panasing boemi toemimbal marang hawa kang ana ing ḍoewoeré, hawa maoe moemboel, bandjoer di-edjogi hawa saka sakiwatengené, dadi hawa ing kapoeloan India, oega mèloe ngedjogi. Angin maoe eneré ia rada oah ora béda karo oahing eneré pasat. Sa-oepama boemi iki menenga baé, lakoené angin mengalor; sarèhné boemi moebeng, angin maoe dadi saka kidoel-koelon — ngalor-ngétan. Angin kang daktjaritakaké iki maoe, kang ana moeng saloré linie baé, dadi moeng ana ing Soematra sisih lor, Bornéo lor, Malaka lan lia-liané. Sarèhné lakoené ngliwati segara dadi ngandoet oeab banjoe; sarta sarèhné sangsaja soewé sangsaja toemeka ing panggonan kang aḍem, dadi ia 'nggawa oedan. Loewih manèh jèn angin maoe kepentog ing pagoenoengan kang ḍoewoer lan deder. Dadi sabab rong prekara kang nganakaké oedan, (akèh oeab banjoe lan sangsaja aḍem), karo pisan ana, moelané angin maoe ḍasar ia 'ndadèkaké oedan.

Jèn kowé ngélingi doenoengé srengéngé, amesṭi ia bandjoer bisa ngarani, angin kang mentas keseboet maoe, anané ing sasi apa. Srengéngé olèhé ana salor linie ikoe, wiwit tanggal 21 Maart tekan 23 September. Sarèhné dajané srengéngé manasi boemi ikoe ora paḍa sanalika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ketara toemandoeké, moelané kena katemtokaké, jèn anané angin maoe ing tanah saloré linie, kira-kira wiwit ing sasi April tekan October. Kang mengkono ikoe tjotjog karo lelakon kang woes ketatalan ing tanah-tanah kaseboet ing ḍoewoer.

Apa ing negara-negara maoe ing sasi April tekan October ia ana angin pasat? Mesṭi baé ora, sabab ing tanah-ṭanah kang tjeḍak karo Asia tengah, angin pasat prasasat kaserot déning Asia tengah, amarga saloring garis linie maoe ana segarané weḍi kang banget panasé, ia ikoe kang tansah kena panasing srengéngé ing sadjroning sasi April toemekané October, awit ing sasi ikoe srengéngé kabener manggon ing kono, moela sekabèhing hawa kang aḍem-aḍem paḍa kaserot marang ing negara Asia. Saking rosaning panjeroté nganti oah eneré. Semono ikoe sasoewéné srengéngé ana ing saloré garis linie.

Sangsaja lawas lakoené srengéngé sangsaja mengidoel. Sawoesé tekan sakidoel linie, panasé hawa ing Asia tengah soeda-soeda. Ing kono angin pasat bandjoer wiwit manèh.

Dadi ing tanah India, saloré garis linie, ing sasi April—October anginé saka kidoel-koelon. Ikoe nganakaké mangsa oedan. Déné ing sasi October—April anginé angin pasat, ikoe mangsa terang.

Lah keprijé mangsané ing tanah India kang doemoenoeng ing sakidoel garis linie, kaja ta: tanah Djawa?

Ing kono mangsané kosok-bali karo ing poelo-poelo saloré garis linie.

Ingarep woes kaseboet jèn srengéngé ikoe wiwit tanggal 23 September teka 21 December tansah mengidoel-mengidoel. Wiwit saka tanggal 21 December tekan tanggal 21 Maart tansah mengalor-mengalor. Ing nalika tanggal 21 Maart toemeka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing saḍoewoeré garis linie. Dadi ing sa-antarané tanggal 23 September karo 21 Maart srengéngé ikoe prasasat ana ing ḍoewoeré bener tanah-tanah ing sa-antarané linie lan garis pembalik kidoel. Woes mesṭi baé tanah-tanah maoe, lan tanah ing sakiwa-tengené kataman ing panasing srengéngé ngoengkoeli ing tanah lia-liané. Tanah Australia kang doemoenoeng ing kidoel-wétané kapoeloan India, ing nalika ikoe panas banget. Panasé toemimbal marang hawa ing kono. Hawa bareng kepanasen bandjoer ènṭèng, moemboel sarta kedjogan hawa saka ing tanah sakiwa-tengené. Dadi hawa ing kapoeloan India ia mèloe ngedjogi hawa ing Australia maoe. Angin kang saka India maoe, saoepama boemi ora moebeng, amesṭi peneré ngidoel bener; djalaran oebengé boemi, lakoené angin dadi saka lorkoelon ngidoel-ngétan. Angin ikoe maoe ia 'nggawa oedan, sababé paḍa baé karo angin kang mili saka India wétan salor linie ing sasi April — October, kaseboet ingarep. Saking bangeté panjeroting Australia marang angin saka tanah India, nganti pasat kidoel-wétan ing sasi October — April, manḍeg, ora mili. Déné anané pasat manèh, jèn srengéngé woes tekan salor linie, sarta wiwit manasi Asia tengah manèh. Déné tanah Australia ing nalika ikoe bandjoer soeda panasé. Ing nalika ikoe ing tanah India sakidoel linie anginé ia angin pasat manèh, saka kidoel-wétan.

Kang kaseboet ikoe maoe kabèh kena katjekak mengkéné:

Ing sasi April — October kapoeloan India wétan, salor garis linie, anginé saka koelon (kidoel-koelon) ikoe mangsa oedan. Déné sakidoel garis linie nalika ikoe anginé saka wétan (kidoel-wétan); ikoe mangsa terang. Ing sasi October—April sakidoel linie anginé saka koelon (lor-koelon), ikoe mangsa oedan; ing nalika ikoe ing saloré linie anginé saka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wétan (lor-wétan), mangsa terang. Dadi toemrapé poelo Djawa, mangsané paḍa karo kang kaseboet ingarep toemrap poelo-poelo sakidoel linie.

Ananging ana oega poelo-poelo kang njebal saka tjarita maoe moenggoeh ing bab mangsané, kaja ta: poelo Céram, Boeroe, djasirahé Celébes kang kidoel-koelon (Makasar); ingkono mangsaning terang lan oedan béda karo kang woes katjarita bab tanah Djawa, mangka doenoengé paḍa karo tanah Djawa, jaikoe sakidoel linie. Moenggoeh enggoné njebal maoe satemené ora ngéramaké, sabab ḍasar ana sababé. Déné kang dadi sababé ikoe, adat lakoené goenoeng kenḍeng, kaja ta ing poelo Céram. Ing kono ana goenoeng kenḍeng kaleboe ḍoewoer, lakoené saka wétan mengoelon. Ing poelo Céram, jèn sasi April — October, anginé pasat, saka kidoel-wétan. Angin maoe sadoeroengé tekan ing Céram ngliwati segara djembar, moelané olèh kanḍoetan oeab, bareng tekan pasisiré kidoel poelo Céram, kepengkok ing goenoeng kenḍeng maoe, bandjoer moemboel; bareng ḍoewoer, kataman ing aḍem, oeabé moelih dadi oedan. Moelané ing pasisir Céram kang kidoel, anané oedan jèn mangsa angin kidoel-wétan (April — October). Angin maoe sawisé ngliwati goenoeng kenḍeng bandjoer tekan pasisir lor. Sarèhné lakoené saka ḍoewoer mangisor dadi saja panas; moelané ora nganakaké oedan. Wekasan ing nalika ikoe pasisiré Céram kang sisih lor mangsa terang.

Kang mengkono maoe ia toemrap marang poelo Boeroe, moeng seṭiṭik bédané. Déné kang njababaké mangsané oedan lan terang ing djasirah Makasar, ing pasisir wétan béda karo ing pasisir koelon, ikoe goenoeng kenḍeng kang moedjoer ngalor sa-oeroeté pasisir koelon lan wétan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Woesana pamahammoe marang tjarita maoe adja nganti kliroe. Jèn mangsa terang, adja kokira ora taoe oedan, oetawa jèn mangsa oedan adja kokira ora taoe terang. Kang mengkono ikoe, mesṭiné kowé paḍa mengerti ḍéwé. Mangsa terang tegesé mangsané oedan moeng seṭiṭik, kerep terangé; mangsa oedan tegesé mangsané akèh oedan, arang-arang terang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

g tjarita maoe adja ng
ja kokira ora taoe oed
a kokira ora taoe tera
kowé paḍa mengerti d
oedan moeng seṭiṭik, k
angsané akèh oedan, ar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Perpustakaa
B: -
No.14